



# Lwa Swen Sante Abòdab ak Oumenm:

## Yon Gid sou Enskripsyon

Chak ane, gen yon opòtinite pou moun ki isit legalman achte asirans sante atravè sit Lwa Swen Sante Abòdab (Affordable Care Act). Gen kèk travayè agrikòl ak fanmi yo ki ka kalifye pou èd pou bese pri yo peye pou asirans sante. Ou ka jwenn plis enfòmasyon sou asistans finansye nan [Gid pou Travayè nan Jaden ki Prezan Legalman ak Fanmi yo](#).

## Kijan pou mwen aplike pou asirans sante?

Genyen kat fason ou kapab aplike pou asirans sante:

- Sèvi avèk òdinatè w
- Pa telefòn
- Pa mail; oswa
- Avèk èd yon moun



### Atansyon:

Pwosesis pou aplike epi pou enskri pou asirans sante kapab pran jiska inèdtan.

**Enpòtan:** Enskri nan asirans sante ak resevwa asistans finansye pa pral afekte kapasite w pou ajiste sitiyasyon imigrasyon ou nan lavni.

## Ki sa mwen bezwen pou aplike pou asirans sante?

Pou aplike pou asirans sante, ou bezwen bay kèk enfòmasyon sou tèt ou ak fanmi ou, tankou non ak dat nesans moun ki lakay ou yo, konbyen kob ou touche pou 2017, ak estati imigrasyon oswa sitwayènte ou.

**Remak:** Yo pral mande w bay dokiman imigrasyon pou moun ki ap aplike pou asirans sante sèlman.

Anvan ou aplike, asire w ke ou genyen avèk ou:

- ✓ Nimewo Sekirite Sosyal, nimewo I-94, oswa #A ki nan kat rezidans ou
- ✓ Fòm W-2 taks oubyen souch chèk ou
- ✓ Enfòmasyon anplwayè ki gen ladan non patwon ou ak nimewo telefòn li

Ou kapab pote avèk ou enfòmasyon sou doktè ou yo ak nenpòt bezwen medikal ou genyen pou asire ou ke w ap enskri nan plan ki pi bon pou ou ak fanmi ou.

## Ki lè m ka enskri?

Ane sa a, ou ka enskri pou asirans sante atravè sit asirans sante a soti nan 1 novanm. 2016 a rive nan 31 janvyè 2017.

**Remak:** Ou ka enskri nan Medicaid nenpòt ki lè nan ane a. Anplwayè ki bay asirans sante ka ofri w li nan yon moman diferan. Ou ka jwenn plis enfòmasyon sou asirans sante anplwayè yo bay nan [Gid sou Asirans Sante Patwon-Ofri](#).



## E si mwen bezwen enskri men peryòd enskripsyon an pase?

Ou ka anmezi pou aplike pou asirans sante apre peryòd enskripsyon an pase, si ou ranpli youn oswa plis nan kondisyon sa yo nan 60 jou ki sot pase yo:

- ✓ Ou vin gen estati legal nan Etazini
  - Pa egzanp, travayè H-2A oswa lòt moun ki ale rete nan peyi Etazini sòti nan yon peyi etranje
- ✓ Demenaje nan yon lòt eta oswa nan yon lòt rejyon nan eta ou
  - Pou kalifye, ou dwe te gen asirans sante nan 60 jou ki sot pase anvan ou te deplase
- ✓ Ou vin marye oswa ou te vin gen yon timoun
- ✓ Pèdi asirans sante ou
  - Si ou pèdi asirans sante w poutèt ou pa peye prim ou, ou pa kalifye.



Gen lòt sitiyasyon ki ka pèmèt ou aplike pou asirans sante apre 31 janvyè 2017. Yon asistan ka ede w detèmine si ou kalifye.

Ou ka bezwen bay dokiman presi pou montre ke ou kalifye pou ou enskri apre peryòd enskripsyon an pase.



## Kisa k ap pase si mwen pa enskri?

Si ou pa enskri pou asirans sante, ou ka gen pou ou peye yon penalite lè ou ranpli fòm taks federal ou, OSWA ou ka kalifye pou yon egzanpsyon, epi evite penalite a. Ou ka aprann plis sou penalite ak egzanpsyon nan [Gid Kondisyon Nan Asirans Sante](#).



Asistans gratis disponib pou reponn kesyon ou ak ede w enskri nan asirans sante. Rele **800-318-2596** pou ou pale ak yon moun oswa pou yo konekte w avèk èd lokal nan zòn ou. Èd disponib nan nenpòt ki lè nan lang kreyòl ayisyen.



### Ou kapab chache èd tou nan:



**Avètisman HRSA a:** Pwojè sa a te kòmandite pa Administrasyon Resous ak Sèvis Sante (HRSA) nan Depatman US Sante ak Sèvis Imen (HHS) dapre akò kooperativ nimewo U30CS22741 pou \$447,333.00 ak 0% pwojè total NCA a ki finance ak lajan ki pa soti nan gouvènman federal. Enfòmasyon sa a oswa kontni ak konklizyon yo se pa kreyatè a yo ye epi yo pa ta dwe entèprete yo kòm yon pozisyon ofisyèl oswa politik, ni HRSA, HHS, oswa Gouvènman US pa dwe dedwi okenn andòsman.

